

Lave vaz enteryè nou

Pa Prezidan Boyd K. Packer
Prezidan Kolèj Douz Apot yo

Pa gen okenn lòt kote jenewozite ak bonte ak mizèrikòd Bondye pi manifeste pase nan repantans.

Konferans jeneral sa ap fèt nan yon moman kote gen tèlman konfyon ak gwo danje ke jèn nou yo ap mande tèt yo ki wout pou yo fè. Etandone yo avèti atravè revelasyon ke se konsa bagay yo t ap ye, yo toujou montre pwofèt yo ak apot yo kisa pou yo fè.

Senyè a te revele pwofèt Joseph Smith “ke chak moun kapab pale nan non Senyè Bondye a, Sovè mond la menm.”¹ Lè kle yo te retabli, sete pou pèmèt otorite prètiz la prezan nan chak fwaye atravè granpapa yo, papa yo ak pitit gason yo.

Sa gen kenzan, akòz konfizyon mond lan, Premye Prezidans lan ak Kowòm Douz Apot yo te pibliye “Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” senkyèm deklarasyon konsa nan istwa Legliz la. Li se yon gid manm legliz yo ta dwe byen li ak suiv.

Li deklare an pati: “Nou menm, Premye Prezidans lan ak Konsèy Douz Apot yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwoklame solanèlman, maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit li yo.”²

“Bondye yo te desann pou òganize lòm nan pwòp imaj yo, pou yo fòme l nan imaj Bondye yo, pou yo fòme yo gason ak fi.

“Epi Bondye yo te di: Nou pral beni yo. Epi . . . nou pral fè yo vin pwodiktif pou yo multipliyè, pou yo ranpli tè a, epi pou yo soumèt li.”³

Kòmandman sa a pa t janm anile.

“Epi nou pral pase yo anba eprèv, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a kòmande yo.”⁴

Yo ba nou li pou nou ka gen lajwa paske “lèzòm te fèt pou yo kapab gen lajwa.”⁵

Leyi te anseye ke lèzòm “lib pou chwazi pou tèt pa yo; non pa pou moun fè yo chwazi, eksepte anba pinisyon lalwa a nan gran ak dènye jou a.”⁶

Ansyen pwovèb, “Senyè a ap vote pou mwen, e Lisifè ap vote kont mwen, men se vòt pa *m nan* ki konte” a dekri yon verite doktrinal ke libabit nou pi pisan pase volonte advèsè a. Libabit la presye. Nou ka bètman, avegleman fè kado li, men yo pa ka prann nan men nou pa lafòs.

Gen yon pretèks ki la lontan tou, “Se Satan ki te pouse m fè sa.” Se pa vre! Li ka twonpe w e egare ou, men li pa gen pouvwa pou fòse ni ou menm ni pèsonn lòt moun transgrese ni kenbe w nan transgresyon.

Pouvwa pou kreye lavi ke nou resevwa a pote anpil jwa ak tantasyon ki pi danjere yo tou. Don lavi mòtèl la ak kapasite pou kreye lòt lavi a se yon benediksyon divin. Atravè bon jan itilizasyon pouvwa sa a, e nan okenn lòt bagay, nou ka rapwoche nou tou pre Pè Selès la epi gouste yon plenitud lajwa. Pouvwa sa a se pa yon pati aksidantèl nan plan bonè a. Li se kle a---eleman kle a.

Itilize pouvwa sa a jan lwa etènèl yo mande a oswa rejte bi diven li, apral detèmine sa nou pral devni. “Èske nou pa konnen se tanp Bondye a nou ye, se Lespri Bondye a ki abite nan nou?”⁷

Gen gwo avantaj pou tire lè yon moun deside libreman pou obeyi Papa nou ak Bondye nou an epi ekspriye dispozisyon sa a ba li nan lapriyè.

Lè nou obeyi, nou ka jwi pouvwa sa yo nan alyans maryaj la. Apati fontèn lavi nou, pral sòti pitit nou, fanmi nou. Lanmou ant mari ak madanm kapab konstan e pwodui gwo rezilta ak kontantman chak jou nan lavi nou.

Si yon moun pa resevwa benediksyon sa yo nan mòtalite a, gen pwomès ke li pral disponib pou li nan mond ka p vini an.

Lanmou pi prezime ke se sèlman apre n pwomèt fidelite etènèl, yon seremoni ofisyèl legal, e si posib apre òdonans sèlman nan tanp, ke pouvwa pou bay lavi sa yo libere pou ekspriye lanmou totalman. Sa dwe pataje sèlman e esklizivman ant gason ak fi, mari ak madanm, avèk moun sa a ki se konpayon etènèl nou an. Levanjil la klè konsènan bagay sa a.

Nou lib pou nou inyore kòmandman yo, men lè revelasyon yo pale an tèm klè konsa, tankou “Nou pa dwe,” nou dwe fè trè atansyon.

Advèsè a jalou kont tout moun ki gen pouvwa pou anjandre lavi. Satan pa ka anjandre lavi; li enkapab. “Li chèche fè tout moun mizerab tankou tèt pa l.”⁸ L ap chèche degrade bon itilizasyon pouvwa pou bay lavi yo nan tante nou pou nou antre nan relasyon imoral.

Senyè a te itilize ekspresyon “se tankou” a pou kreye yon imaj disip li yo te ka konprann, tankou:

“Wayòm syèl se tankou yon machann k ap chèche pèl.”⁹

“Wayòm syèl la se tankou yon ja trezò ki kache nan yon jaden.”¹⁰

Nan epòk pa nou an, enfliyans nefas pònografi se tankou yon gangrèn k ap wonje mond lan, k ap simaye jèm pasipala, ki san rete ap eseye anvayi chak fwaye, pi souvan atravè mari ak papa a. Konsekans gangrèn sa a kapab, e souvan malerezman vin fatal espiritiyèlman. Lisifè ap chèche deranje “gwo plan redanmsyon an,”¹¹ “gwo plan bonè a.”¹²

Pònografi ap toujou repouse Lespri Kris la epi l ap koupe kominikasyon ant Papa nou ki nan syèl la ak pitit li yo e deranje bèl relasyon sansib ant mari ak madanm.

Prètriz la gen pouvwa ekstraòdinè. Li kapab pwoteje nou kont gangrèn pònografi a---e se yon vrè gangrèn--si nou sikonbe anba enfliyans li. Si yon moun obeyisan, prètriz la kapab montre l kijan pou sispann yon abitud e menm detwi yon adiksyon. Detantè prètriz yo gen otorite sa a e yo ta dwe anplwaye l pou konbat move enfliyans sa yo.

Nou sonnen alam e nou avèti manm legliz yo pou yo reveye e konprann sa k ap pase a. Paran, se pou nou vijilan, byen veje pou inikite sa a pa menase fanmi nou.

Nou anseye yon prensip konduit moral ki ap pwoteje nou kont pakèt altènativ oswa imitasyon maryaj Satan kreye yo. Nou dwe konprann ke tout ankourajman pou antre nan yon relasyon ki pa an akò avèk prensip levanjil yo nesèsman imoral. Nan Liv Mòmou an nou aprann ke “inikite pa t janm bay bonè.”¹³

Gen kèk moun ki sipoze ke yo fèt konsa e yo pa ka simonte sa yo santi ki se tantasyon ine lakay yo pou bagay ki enpi ak anòm. Sa pa vre! Sonje, Bondye se Papa nou ki nan Syèl la.

Pòl te pwomèt ke “Bondye . . . pa p kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte; men, lè nou va anba tantasyon an, la ban nou fòs pou nou ka sipòte l, pou nou ka soti anba li.”¹⁴ Ou kapab, si ou vle, kraze abitud yo epi gen viktwa sou yon adiksyon epi separe w avèk sa ki pa diy de nenpòt manm Legliz la. Jan Alma te avèti a: nou dwe “veje e priye san rete.”¹⁵

Ezayi te avèti, “Madichon pou moun ki vle fè byen pase pou mal, mal pase pou byen, pou moun k ap di fènwa se limyè, limyè se fènwa, pou moun k ap di bagay anmè dous, bagay dous anmè!”¹⁶

Sa gen kèk ane, m te vizite yon lekòl nan Albuquerque (Nouvo Meksik). Yon pwofesè te pale m de yon timoun ki te pote yon ti chat nan klas la. Jan nou ka imajine, sa te deranje tout bagay. Li te mande elèv la leve ti chat la anlè devan timoun yo.

Tout bagay te anfòm jistan youn nan timoun yo te mande, “eske l se yon mal oswa yon femèl?”

Pou evite antre nan deba sa a, pwofesè a te di: “Sa pa enpòtan. Se jis yon ti chat.”

Men yo te ensiste. Finalman, youn nan timoun yo te di, “M konnen kijan pou fè diferans la.”

Reziyen pou fè fas ak sitiyasyon sa a, pwofesè a te di, “Kijan ou ka fè diferans lan?”

Epi timoun nan te reponn, “Nou ka vote sou sa!”

Nou gen dwa ri pou istwa sa a, men si nou pa atantif, gen moun jodia ki non sèlman tolere men ankouraje vòt pou chanje lwa ki pral legalize imoralite, kòm si yon vòt t ap rive altere lwa ak nati bagay Bondye yo. Yon lwa kont lanati t ap enposib pou aplike. Paegzanp, ki byen yon vòt kont lwa gravite a t ap pote?

Gen lwa moral ak fizik “irevokab ki dekrete nan syèl la anvan fondasyon mond sa a”¹⁸ ki pa kapab chanje. Listwa demontre tout tan ke nou pa ka chanje prensip moral yo nan batay e yo pa ka chanje ak bilten vòt. Legalize sa ki fondamantalman mal oswa move pa p anpeche soufrans ak konsekans ki ap vini apre yo, osi siman ke lannuit vini apre lajounen.

Kèlkeswa opozisyon an, nou deside nou p ap chanje pozisyon. N ap rete fidèl ak prensip ak lwa ak òdonans levanjil yo. Si yo mal konprann yo inosaman oswa volontèman, se bagay pa yo. Nou pa ka chanje; nou pa p chanje prensip moral la. Nou rapidman pèdi wout nou lè nou dezobeyi lwa Bondye yo. Si nou pa pwoteje ak soutni fanmi, sivilizasyon nou ak libète nou ap sètènman peri.

“Mwen menm Senyè a, m anba obligasyon lè nou fè sa m di; men lè nou pa fè sa m di, nou pa gen pwomès.”¹⁸

Chak moun ki fèmen nan yon prizon peche, kilpabilite, oswa pèvèsyon gen yon kle pou baryè a. Kle a rele “repantans.” Si ou konnen kijan pou itilize kle sa a, advèsè a pa ka kenbe ou. De prensip marasa repantans ak padon yo gen plis fòs lontan pase gwo pouvwa tantatè a. Si ou mare nan yon abitud oswa adiksyon ki pa di, ou dwe sispann konpòtman ki make danje a. Zanj yo ap asiste ou,¹⁹ e dirijan prèttriz yo ap gide ou nan moman difisil sa yo.

Pa gen okenn lòt kote jenewozite ak jantiyès ak mizerikòd Bondye pi evidan pase nan repantans. Èske ou konprann pouvwa netwayaj ekstraòdinè Ekspyasyon Pitit Gason Bondye a, Sovè nou, Redanmtè nou an te fè a? Li te di, “Mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti.”²¹ Nan zak lanmou diven sa a, Sovè a te peye pri pou peche nou yo pou nou pa oblije peye.

Pou moun ki sensèman vle sa, gen yon wout pou retounen. Repantans se tankou yon savon. Menm tach peche yo te fòse antre yo ap sòti.

Detantè prèttriz yo pote avèk yon antidòt pou efase imaj terib pònografi yo epi netwaye kilpabilite. Prèttriz la gen pouvwa pou delòk enfluyans abitud nou yo, menm pou libere anba adiksyon, menmsi li mare rès. Li ka geri sikatris erè pase yo.

M pa konnen okenn pawòl konsolasyon ki pi bèl nan tout revelasyon yo pase sila yo: “Gade, yon moun ki repanti nan peche l, moun sa a padone, epi mwen menm Senyè a m pa sonje peche yo ankò.”²¹

Pafwa, menm apre konfèsyon ak peye konsekans yo, pati ki pi difisil nan repantans la se padone tèt nou. Ou dwe konnen ke padon vledi padon.

“Depi pèp mwen an repanti, m ap padone peche yo fè kont mwen.”²²

Prezidan Joseph Fielding Smith te rakonte istwa yon fi nan repantans li ki t ap redi pou retire tèt li nan yon vi trè imoral. Fi a te mande l kisa li ta dwe fè kounyeya.

An repons, li te mande fi a pou l te li nan Ansyen Testaman an istwa madanm Lòt la, ki te tounen yon estate sèl la.²³ Apre sa li te mande fi a, “Ki leson ou tire nan vèsè sa yo?”

Fi a te reponn, “Senyè a ap detwi mechan yo.”

“Se pa sa!” Prezidan Smith te di ke leson pou fi repantan sa a ak pou nou menm tou se: Pa gade dèyè!”²⁴

Sa ki ase etranj, sèke li posib ke prevansyon ak tretman ki pi puisan ak pi senp pou pònografi, oswa pou nenpòt aksyon enpi, se inyore li ak evite li. Efase nan lespri nou tout move panse k ap eseye pran rasin. Yon fwa ou deside pou w rete pwòp, ou afime libabit Bondye ba ou a. Epi apres, jan Prezidan Smith te bay konsèy la, “Pa gade dèyè.”

Mwen pwomèt ke pi devan n ap jwenn lapè ak bonè pou nou menm ak fanmi nou. Finalite tout aktivite nan legliz la se pou yon gason ak madanm ni ak pitit li kapab gen bonè nan fwaye yo. E mwen envoke benediksyon Senyè a sou nou menm ki ap lite kont plè terib sa a, pou n jwenn gerizon ki disponib pou nou an nan Prètriz Senyè a. Mwen rann temwayaj konsènan pouvwa sa a, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 1:20.
2. “Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona*, Oct. 2004, 49.
3. Abraham 4:27–28.
4. Abraham 3:25.
5. 2 Nefi 2:25.
6. 2 Nefi 2:26.
7. 1 Korentyen 3:16.
8. 2 Nefi 2:27.
9. Matye 13:45.
10. Matye 13:44.
11. Jakòb 6:8; Alma 34:31.
12. Alma 42:8.
13. Alma 41:10.
14. 1 Korentyen 10:13.
15. Alma 13:28.
16. Ezayi 5:20.
17. Doktrin ak Alyans 130:20.
18. Doktrin ak Alyans 82:10.
19. Gade 2 Nefi 32:3.
20. Doktrin ak Alyans 19:16.
21. Doktrin ak Alyans 58:42.
22. Mozya 26:30.
23. Gade Jenèz 19:26.
24. Gade Boyd K. Packer, *The Things of the Soul* (1996), 116.